



Repiblik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Selebrasyon Jounen Entènasyonal Lang Matènèl

Fevriye 2018

Tèm : “Lang manman nan edikasyon: wi. Aprann se konprann!”

- **Misyon Akademi Kreyòl Ayisyen nan depatman Sid
(Okay, Senjan ak Tòbèk)
15, 16, 17 fevriye 2018**
- **Selebrasyon Jounen Entènasyonal Lang Matènèl
Sal konvansyon Bank Nasyonal Repiblik Ayiti
21 fevriye 2018**

Ak konkou UNESCO

1- Misyon Akademi Kreyòl Ayisyen nan departman Sid (Okay, Senjan ak Tòbèk), 15,16,17 fevriye

Akademi Kreyòl Ayisyen selebre chak ane Jounen Entènasyonal Lang Matènèl ak yon kòlonn aktivite ki chita sou plizyè jou nan Pòtoprens ak nan pwovens. Akademi an pran tout mwa fevriye a pou selebrasyon sila ak sipò finansye UNESCO. Pou lane 2018 la, Akademi an antre nan Departman Sid, kote li òganize yon seri aktivite, soti 15 pou rive 17 fevriye, nan vil Okay, nan komin Senjan, nan Tòbèk, elatriye.

Nan okazyon an, Akademi an rankontre Asosyasyon Pwofesè Kreyòl, kote li gen pou fè konferans sou enpòtans lang matènèl nan edikasyon epi anime Atelye sou dokiman « *Jesyon Ris ak Dezas* » la pou etidyan ak elèv lekòl. Se ak kolaborasyon UNESCO, li rive tradui dokiman sa a ki sòti nan Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP).

Nan tout lokalite kote li pase, Akademisyen yo reyalize konferans deba nan lekòl, nan Inivèsite, nan òganizasyon sosyal kote manm popilasyon an gen chans poze kesyon sou travay Akademi kreyòl Ayisyen nan peyi a epi brase lide sou tematik ki lyannen Lang Manman ak devlopman sitou nan sektè Edikasyon.

Delegasyon an te kite Pòtoprens jedi 15 fevriye, a 7è00AM pou retounen samdi 17 fevriye

Objektif

- Selebre Jounen Entènasyonal Lang Matènèl
- Bwase lide ak pwofesè kreyòl departman Sid
- Òganize espozisyon liv ak dokiman ki ekri nan lang matènèl ayisyen an
- Fè konnen dokiman « *Jesyon ris ak dezas* » la, yon liv wòdpòte nan lang kreyòl
- Pale sou enpòtans Lang Matènèl nan edikasyon, nan devlopman dirab

Tablo aktivite nan Departman Sid

Aktivite	Dat	Entèvenan	Lokal
Konferans pou etidyan / Kozri sou dokiman JRD	Jedi 15 fevriye, 1è -3è PM		- Université Publique du Sud aux Cayes
Atelye kreyasyon literè	4è- 6èPM		- Bibliyotèk IPDEC

Konferans pou elèv lekòl	Vandredi 16 fevriye, 10è- 12è PM		Lise Phillipe Guerrier, Okay
Konferans pou elèv lekòl	Vandredi 16 fevriye, 12è – 2èPM		Lise Senjan
Konferans pou elèv lekòl	Vandredi 16 fevriye 2è- 4è PM		Lise Tòbèk
BOUYON KREYÒL (Prestasyon atistik / diskou ofisyèl, elatriye)	Vandredi 16 fevriye, 6è00 – 8è00		Sal Polivalan Bibliyotèk IPDEC, Okay.
Rankont ak pwofesè kreyòl Kozri sou dokiman GRD	Samdi 17 fevriye, 8è30 AM- 10è30 PM		Sal Polivalan Bibliyotèk IPDEC, Okay.

Komite rejyonal Okay

- 1- Pierre Ronald GILET, Kòdonatè jeneral
- 2- Marc Edouard JEAN, Kòdonatè adjwen
- 3- Stephanie CHARLÉUS, Sekretè

2- Selebrasyon Jounen Entènasyonal Lang Matènèl, 21 fevriye

21 fevriye 2018 la, soti 10è AM pou rive 12è30 PM, Akademi Kreyòl Ayisyen reyalize yon seremoni wòdpòte nan okazyon Jounen Entènasyonal Lang Matènèl. Seremoni sila a te dewoule nan Sal Konvansyon Bank Repiblik Ayiti, kote divès pèsonalite politik, relijye, soyal te prezan. Pami yo, nou kapab soulinye prezans : Minis kilti ak komunikasyon an, Mesye Limond TOUSSAINT ; Mesye Jacques Blaise ; Vice-Recteur Inivèsite Leta Ayisyen ; Madam Daniela Bruni, delege Reprèzantan UNESCO an Ayiti ; ; Pè Garry Basteien, Direktè Jounal Bon Nouvèl ak anpil lòt pèsonalite.

Nan okazyon an, Akademi Kreyòl Ayisyen an te pwofite enstale senk (5) nouvo Akademisyen ak 12 Manm Konsèy konsiltatif. Li te onore de (2) pèsonalite ki make devlopman Lang kreyòl : Mesye Emile Celestin Meggie (Togiram) ak Powèt Georges Castera.

Nan pwogram nan te gen plas pou animasyon kiltirèl tankou : Dans, resital pwezi, Cho tanbou, mizik ak Atis envite Wooly Saint-Louis.

N ap jwenn an anèks Pwogram selebrasyon an ak kat envitasyon aktivite a.

3- Konklisyon Apresyasyon / Difikilte